



# Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Nimewo : A-185

Osijè : DEKOUPAJ AN ZÒN POU LEKÒL ELEMANTÈ AK LEKÒL PREMYE SIK SEGONDÈ

Paj : 1 - 3

Pibliye : 1 janyve 2005

## REZIME

An 2003, Konsèy Edikasyon Kominotè *Community Education Councils* (CEC) ki fèk kreye yo te resevwa otorite anba Lalwa sou Edikasyon pou apwouve liy dekoupaj yo an zòn, selon jan Enspektè Kominote a te soumèt sa. Liy dekoupaj an zòn sa yo anvigè nan lekòl ki nan jiridiksyon yo epi yo konfòm avèk règleman Chanselye a. Règleman sa a mete dispozisyon lwa a annplikasyon.

## I. DEFINISYON LEKÒL KI DIVIZE AN SEKTÈ AK LIY DEKOUPAJ AN ZÒN

Yon lekòl ki divize an sektè se yon lekòl kote elijibilite pou admisyon nan lekòl la baze sèlman sou rezidans nan yon zòn jeyografik ki defini nan yon sektè. Liy dekoupaj an zòn se limit ki defini zòn jeyografik yo.

## II. FÒMALITE POU JWENN APWOBASYON POU CHANJE LIY DEKOUPAJ AN ZÒN

### A. Responsablite Enspektè Kominote a

1. Enspektè Kominote yo dwe gen responsablite pou soumèt pwopozisyon pou liy dekoupaj an zòn yo oswa pou sa ki chanje yo ba CEC yo pou jwenn apwobasyon. (Gade IIB ki anba la a).
2. Anvan pou Enspektè Kominote a soumèt ba CEC yo yon pwopozisyon pou nouvo liy dekoupaj an zòn yo oswa pou sa ki chanje yo, li dwe wè avèk Enspektè Rejyonal la ak Enspektè Edikasyon Lokal la, epitou li dwe jwenn apwobasyon nan Biwo Planifikasyon ak Operasyon Anwòlman Elèv *Office of Student Enrollment Planning and Operations* (OSEPO) pou kòmanse. Enspektè Kominote a ta dwe wè tou avèk kominote lekòl ki apwopriye yo, epi ak paran timoun k ap afekte nan chanjman ki pwopoze a, anvan pou li soumèt pwopozisyon anba CEC.
3. Lè Enspektè Kominote yo ap soumèt ba OSEPO pwopozisyon pou liy dekoupaj an zòn, yo dwe founi enfòmasyon selon fason ki dekri nan Atachman A règleman sa a :
  - a. Pwotokòl bi pwopozisyon an
  - b. Lekòl ki konsène nan pwopozisyon an
  - c. Dat premye egzekisyon an ap anvigè



# Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Nimewo : A-185

Osiyè : DEKOUPAJ AN ZÒN POU LEKÒL ELEMANTÈ AK LEKÒL PREMYE  
SIK SEGONDÈ

Paj : 2 - 3

Pibliye : 1 janyve 2005

- d. Dat ki prevwa pou egzekisyon okonplè (si pwopozisyon an mande yon peryòd egzekisyon ofiamezi)
  - e. Kantite elèv nan chak ane ki prevwa pou deplase pami tout lekòl ki afekte nan premye ane egzekisyon an
  - f. Òganizasyon klas ki prevwa, enskripsyon ki prevwa pou elèv yo, kapasite akèy ak itilizasyon bildin, epi etnisite enskripsyon elèv yo nan tout lekòl ak pwogram ki afekte yo
  - g. Yon deskripsyon konplè pou tout chanjman liy dekoupaj an zòn yo
  - h. Pou pwopozisyon k'ap entwodi ofiamezi yo, yon pwotokòl fason admisyon elèv yo ap fèt nan lekòl ak pwogram ki afekte yo chak ane jouk nan egzekisyon konplè chanjman ki pwopoze yo, epi yon pwotokòl nenpòt priyorite pou chwazi elèv yo
  - i. Nesesite pou sèvis otobis lekòl la ak transpò piblik nan premye ane egzekisyon an
4. Enspektè Kominote yo dwe soumèt enfòmasyon ki endike anwo la yo konsènan pwopozisyon liy dekoupaj an zòn yo bay OSEPO pa ekri, selon yon kalandriye OPEPO pibliye chak ane.
  5. Apre pwopozisyon OSEPO a, Enspektè Kominote a dwe soumèt liy dekoupaj an zòn yo pa ekri ba CEC pou apwobasyon. Yo dwe anvizaje soumèt pwopozisyon yo ba CEC lè Enspektè Kominote a oswa reprezantan li soumèt liy dekoupaj an zòn yo nan biwo CEC a oswa nan kourye elektwonik ba Prezidan CEC la.
  6. Apre apwobasyon CEC la, Enspektè Kominote a dwe voye bay OSEPO yon kopi rezolisyon CEC la adopte. (Ale nan IIB3 ki anba la a).

## B. Responsablite CEC

1. CEC yo responsab pou apwouve liy dekoupaj an zòn Enspektè Kominote a soumèt pou lekòl ki divize an sektè yo.
2. Pou lekòl ki divize an sektè ki gen elèv k'ap chwazi kou, CEC yo dwe responsab pou apwouve sèlman liy dekoupaj an zòn yo pou elèv ki pa frekante lekòl selon chwa kou a.
3. CEC yo dwe vote liy dekoupaj an zòn yo nan 45 jou ki vin apre lè Enspektè Kominote a fè soumisyon an.



# Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO

Nimewo : A-185

Osijè : DEKOUPAJ AN ZÒN POU LEKÒL ELEMANTÈ AK LEKÒL PREMÈ  
SIK SEGONDÈ

Paj : 3 - 3

Pibliye : 1 janyve 2005

4. Lekòl segondè yo, sòf sa ki endike nan IIB2 anwo la a, lekòl ak pwogram ki gen elèv ki nan plis pase yon sektè lekòl kominotè atravè yon chwa kou pa konsène nan Règleman sa a epi yo pa fè pati jiridiksyon CEC yo. Se sèl Chanselye a ki responsab lekòl ak pwogram sa yo.

### III. APÈL

Asosyasyon Paran ak asosyasyon paran-pwofesè ka fè apèl kont desizyon liy dekoupaj an zòn Konsèy Edikasyon Kominotè a fè. Apèl yo dwe adrese ba Chanselye a nan espas dis (10) jou apre desizyon an fin adopte. Apèl yo dwe soumèt pa ekri epi yo dwe endike rezon espesifik pou sa. Apèl ki adrese ba Chanselye a dwe ale nan c/o Office of Legal Services, 52 Chambers Street, New York, NY 10007.

### IV. DEMANN RANSÈYMAN AK ASISTANS TEKNIK

- A. OSEPO ak Otorite Konstwiksyon Lekòl yo *School Construction Authority* (SCA) dwe ofri asistans teknik apwopriye nan preparasyon pwopozisyon ki soumèt selon règleman sa a.
- B. OSEPO dwe konsève kat jeyografik regilye liy fwontyè sektè ak liy dekoupaj an zòn ki dwe louvri pou enspeksyon piblik.

Ou dwe voye demann ransèyman osijè règleman sa a nan Biwo pou jesyon ak planifikasyon enskripsyon :

Telefòn  
212-374-5426

*Office of Student Enrollment  
Planning and Operations*  
NYC Department of Education  
52 Chambers Street – Room 415  
NY, NY 10007

Faks  
212-374-5568

## Soumisyon Pwopozisyon Liy Dekoupaj an Zòn

1. Pwotokòl bi pwopozisyon an anbrèf :

2. Lekòl ki konsène nan pwopozisyon an :

3. Dat anvigè pou premye egzeksyon :

4. Dat ki prevwa pou egzeksyon okonplè (si gen yon peryòd egzeksyon ofiamezi) :

5. Kantite elèv nan chak ane ki prevwa pou deplase ant lekòl ki afekte yo nan premye ane egzeksyon an :

Lekòl oswa pwogram k ap voye elèv	Lekòl oswa pwogram k ap resevwa elèv	Ane (yo)	Kantite elèv ki dwe deplase

6. Òganizasyon klas ki prevwa, enskripsyon ki prevwa pou elèv yo, kapasite ak itilizasyon bildin, epi etnisite elèv ki enskri yo nan tout lekòl ak pwogram ki afekte yo:

a. Nan ane anvan egzeksyon an

Lekòl oswa Pwogram	Òganizasyon Klas	Kapasite Bildin	Enskripsyon 31 oktòb	Itilizasyon Bildin	Pousantaj Minorite

b. Nan premye ane egzekisyon an

Lekòl oswa Pwogram	Òganizasyon Klas	Kapasite Bildin	Enskripsyon 31 oktòb	Itilizasyon Bildin	Pousantaj Minorite

c. Nan dènye ane egzekisyon an

Lekòl oswa Pwogram	Òganizasyon Klas	Kapasite Bildin	Enskripsyon 31 oktòb	Itilizasyon Bildin	Pousantaj Minorite

7. Yon deskripsyon konplè tout chanjman liy zòn, avèk fòm estanda sa a: “Kòmansman nan entèseksyon...(pwen orijin) ... ak fen entèseksyon an...(pwen orijin) :”

8. Pou pwopozisyon k ap entwodi ofiamezi yo, yon pwotokòl fason admisyon elèv yo ap fèt nan lekòl ak pwogram ki afekte yo chak ane jouk nan egzekisyon konplè chanjman ki pwopoze yo, sètadi kèk konbinezon anvan enskripsyon, admisyon sou tit, endike avi ak transfè volontè, epi yon pwotokòl nenpòt priorite ki deziyen pou chwazi elèv yo, pa egzanp sè/frè :

Premye Ane :

Dezyèm Ane :

Twazyèm Ane :

9. Nesesite pou sèvis otobis lekòl la ak transpò piblik nan premye ane egzekisyon an :

Lekòl oswa Pwogram	Ane	Kantite Elèv k ap Bezwen Otobis Lekòl	Kantite Elèv k ap Itilize Transpò Piblik